

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana pedaran dina bab saméméhna, aya sababaraha hal anu bisa dicindekkeun patali jeung campur kode dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMPN 3 Bandung Taun Ajaran 2017/2018.

- 1) Asal kecap anu nyampuran karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMPN 3 Bandung Taun Ajaran 2017/2018 aya lima asal kecap, nyaéta: basa Arab, Indonésia, Kawi, Walanda, jeung Sansakerta.
- 2) Ditilik tina wujudna, kapanggih tilu wujud campur kode dina karangan pangalaman pribadi siswa nyaéta campur kode nu ngawujud kecap anu kabagi kana 171 kecap salancar anu frékwénsina 327 kali (55,4%), 59 kecap rundayan anu frékwénsina 82 kali (13,8%), 34 kecap rajékan anu frékwénsina 57 kali (9,6%), 22 kecap kantétan anu frékwénsina 26 kali (4,4%), jeung 4 kecap wacahan anu frékwénsina 11 kali (1,8%). Campur kode anu mangrupa frasa kapanggih aya 4 kecap anu frékwénsina 6 kali (1%), opat kecap éta kaasupna kana frasa éksoséntrik anu frékwénsina 6 kali (1%), ari nu kaasup kana frasa éndoséntrik mah 0 (0%). Campur kode anu mangrupa klausa nyaéta kapanggih 8 campur kode anu frékwénsina 8 kali (1,3 %), jeung klausa kauger (0%).
- 3) Faktor anu mangaruhan kana lumangsungna campur kode karangan pangalaman pribadi siswa nyaéta dirina, lingkungan di sabudeureun, jeung sikepna, sarta kabiasaan make basa Sunda. Faktor ti dirina nyaéta basa nu di kawasa ku dirina lolobana basa campuran anu persentaseuna dugi ka (48,8%) nyaéta basa Indonesia jeung basa Sunda, tur padahal asal indung jeung bapana lolobana ti tatar Sunda. Faktor lingkungan di sabudeureun ngawengku kana basa nu dipaké pikeun komunikasi jeung jalma séjén misalna kulawarga, di sakola, jeung masarakat. Salian ti faktor nu geus disebutkeun di luhur, situasi ogé mangaruhan kana lumangsungna campur kode, sabab sok ngarasa sieun salah, teu pati apal kana basa Sunda, kagok, jeung ninggali nu diajak komunikasina.

Sinta Dewi, 2018

*CAMPUR KODE DINA KARANGAN PANGALAMAN PRIBADI SISWA
KELAS VII SMPN 3 BANDUNG*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5.2 Saran

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sababaraha saran nu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan campur kode dina karangan pangalaman pribadi kelas VII SMPN 3 Bandung Taun Ajaran 2017/2018.

- 1) Siswa kudu loba maca téks basa Sunda boh buku nu eusina basa Sunda, boh manglé (majalah).
- 2) Nalika lumangsungna diajar ngajar, siswa kudu mawa kamus basa Sunda sangkan ngaminimalisir campur kode, jeung nalika siswa teu apal kana kecap anu ditepikeun ku guru, siswa bisa langsung néangan.
- 3) Kudu dibiasakeun nyarita ku basa Sunda, boh jeung kulawarga, di sakola, masarakat, ogé nalika dina media sosial.